WAWASAN SURYANINGRAT

1.PUPUH SINOM

1. Jedur meriem disada 1
ger tatabeuhan ger tarik
nyi putrid geus tunggang bendi
rawéronték geus ngabaris
umbul-umbulna melengkung
kuduna pating hariem
ku Jeng Radén Ningrat deui

2. Karétana du belas
pangiringan nyai putri
anu tunggangna para raja
kari tumut para mentri
pada tunggang kuda putih
ngaleran ka alun-alun
ting gelebur panganggona
nu kasép pa ginding-ginding
bada dangdan tiheula gagaléongan

3. Marawa gagang daluang
bebegig pating ngarigis
geus menang tilu ideran
geus cunduk ka Srimanganti
para raja geus caralik
baris sadaya hempak ngajajar
putri jeung ningratna (……..)
Kanjeng raja ngadég jeung nyandak makuta

4. Ieu ayeuna sadayana
anu gedé anu leutik 1
ayeuna kula saksina
ieu dék niban nagri
saéntéro banurungsit
ka Suryaningrat tumurun
jadi raja mangku nada
Suryaningrat nyepeng nagri
Raja Duryana ayeuna kaparéntah

5. Sing tarima kaparentah
sapikiran maot nitah julig
upeti unggal nagara
nyanggakeun ka anak kami
reujeung anu jadi patih
putrana teh seug di saur
cédok nyambah Sang Samola
nampi timbalan Jeung Gusti
beurang peuting suméja ngestokeun pisan

6. Sok makuta karajaan // ka Radén Ningrat berbudi 2
geledug dur mariemna
barebeng tambur dortanji
tatabeuhan kabéh muni
eundeur sora ngaguruh
para raja sukan-sukan
kacaturkeun geus peuting
pukul tujuh ngadeg pésta ramé pisan

7. Sukan-sukan sadayana
anu nogton balawiri
anu jauh pada dating
pasedek-sedek ningali
ngung-ngeng budak nu ceurik
kadempét nu nongton pinuh 2
reujeung damar lantérana
istolak pating garawing
dammar séwu (……) bulan geus marakbak

8. Urang ngagancangkeun carita
kacatur isukana baé
bubar sadayana para raja
pada mulih masing-masing
Raja Duryan geus mulih
ngan putrana anu kantun
jadi patih Radén Ningrat
ngarotan di padaleman
sareng Ningrum parmeswari
kira lamina sabulan
ratu sepuh enggal nyingkir
di panyingkiran jeng patih
kira dua bulan tilu
di panyingkiran lamina
pasti kersa Yang Widi
ratu sepuh jeung patih dating kasawat (sic)

9. Teu damang meunang sabulan
asa pitanggeleun teuing
dongkap kapupus ajalna
ésadayana nangis

ngutus panakawan hiji
nguninga kapayun ratu
panakawan enggeus dongkap
nguninga ka Kanjeng Gusti
Perbu Anom // teu eling sareng gerwana 3

10. Diréréyang ku gerwana 3
geus lami raja teu eling
seug ngaos Alhamdulliah
sing pada twakal Eulis
geus pastining Yang Agung
jeung Ama pada papisah
anggur hayu geuwat baé
kocap jengkar jeung gerwa ka panyingkiran
nu ngiring mentri ponggawa
ka panyingkiran geus sumping
gancang baé diasupan
teu lami carios deui
dibujeng baé nu gasik
parantos mayit geus lulus
kantun putra nu katilar
prihatin jeung Ningrum Putri
Kanjeng Raja geus mulih ka padaleman (sic)

11. Pada nangis jeung gerwana
dasar ratu murangkalih
ieu teh éta didinya
nu susah katambah nyeri
kosap Duryan deuk ngangkir
ratu sepuh wartos pupus
sarengna jeung patih pisan

atoheun da pikir dengki
itu dia raja Salkam ayeuna mah

12. ratu sepuh engeus wapat
jeung patih kasieun kami
kembang beureum ayeuna mah
ku cara ganjaran ati kami
eukeur hayang titadi ka nu nyantreu Ningrum
pinasti ayeuna beunang 3
raga dapet jeung nyi putri
teu sacan ngan sieun ku Ningrat

13. Raja Salkam seug ngandika
Kakang Yan tetela sidik
enya jeung salira nagara
Raja Duryan geus ngalahir
atuh puguh Rayi sidik
moal béla tumbuh laku
Raja Salkam // seug ngandika 4
kumagalih Kanjeng Gusti
nyieun jalan urang ka Suryaningrat

14. Sugan kangen gerwana
anu santen Ningrum Putri
kadeuleu baé imutna
basa eukeur dina bendi
kilangbara baé diri
jeung Suryaningrat ngamusuh
Raja Duryan seug ngandika
sapirana budak leutik
nyieun surat ka euryahan (sic)

15. Supaya ngabdi ka urang
coba baé geura nulis
Raja Salkam enggal nyerat
panjang salebeting tulis
geus parantos surat ka Gusti
ditingali cocog ka langkung
Raja Duryan seug nimbalan
miwarangan hiji mentri
mentri jengkar seug nyembah tipayuneun raja (sic)

16. Hanteu kocak di jalanna 4
utusan raja geus sumping
ka Banurungsit nagara
geus kasondong Kanjeng Gusti
keur linggih di Srimanganti
mentri nyembah payun ratu
Prabu Anom seug ngandika
utusan ti mana Mentri
Mentri nyembah abdi diutus ku Duryana

17. Suméja nyanggakaeun serat
enggal dipudut ku Gusti
ki patih tuluy ningali
coba waca Radén Patih
gancangna Patih Somali
ngaos surat payun ratu
dina salebeting surat
ka putra di banurungsit
ieu surat ti bapa Raja Somala

18. Ayeuna kersa putra
ka Radén Duryan ngabdi
paréntah ka kabéh raja
jeung kudu bijil upeti
saban // taun misti sumping
jeung sadaya ulah kantun
nu dua puluh nagara
éta amah geus sidik ngabdi
mun teu ngabdi nu manis ménta walonan //

2. PUPUH DANGDANGULA

//1. Ngan sakitu salebeting tulis
geus kadungu ku Suryaningrat
ngahuleng Prabu Anom
nyaur sajeroning kalbu
na bet paman Duryan malik
semu nu sesah manah
teu éling kapitutur
nya puji Alhamdulillah
sukur baé mun paman muka galih
pirang-pirang diri tunggal

2. Sakieu geus bagjaning diri
ayeuna mah balikan sang paman
mun teu kitu ka nu anom
geus mangsabodo sepuh
bisi ngadoja ka diri
ku Ama dipercaya
Sang Duryan kapungkur
ayeuna nu ngawarah
ka nu Anom bisi baé mun teu mikir

yén bodo diri sorangan

3. Geuwat geura ayeuna Dén Patih
Paman Duryana ayeuna walonan
terangkeun diri ku Patih
nandakeun ayeuna taluk
enggala nyerat Dén Somali
gancangna baé nu nyerarat
dicap enggeus putus
Radén Somala haturan
saha badan nu dipiwarang ku Gusti
Raja Ningrat seug ngandika

4. Patih baé angkat ka negri
basana téh ngabdi-ngabdi urang
kangen réncang hanteu kateug
éta tanda nurut
eujeung ulah tunggang bendi
kudana kudu badan
cong nyembah ka ratu
Radén Patih geus sadia
hatur mangga Radén Patih nyembah indit // 6
geus sumping ka kapatihan

5. Seug nimbalan pandakawan hiji
dangdan kuda pandakawan gancang
ngaranggona parantos
tina istal geus ditungtun
jeung genggem bendéra putih
Radén Patih geus sadia
ka latar geus lungsur

énggal baé nitih kuda
pandakawan geus ngenggem bendéra putih
semprung angkat ka nagara

6. Hanteu kocap di jalan Radén Patih
kacaturkeun sumping ka Duryan
ramana enggeus kasondong
kagét Raja Duryan ratu
aduh nyiksa diri aing
coba éta nyieun surat
tandana yén taluk
Somala nyanggakeun serat
cedok nyembah Radén Patih tuluy indit
suratna enggeus dicandak

7. Seug diwaca ku Salkam dipati
lebet serat (….) Kang Rama
baktos salam muga baé
sukma anu agung
kembang soca lebeting diri 6
nu lenggah di negri Duryan
abdi sujud taluk
lilah diri paramarta
tahon dua dampal galih Kanjeng Gusti (sic)
abdi baktos kalilahan

8. Nganjeng Rama pamuntang kuring
saé awon timbalan Kang Rama
welas asih (….)
anu sok muruk ngitutur
taya rarangan sim kuring

gentos Ama nagara
Paman Duryan ratu
beurang peuting tuang putra
ngantos digalih ku jisim kuring
di banurungsit nagara

9. Ngan sakitu salebeting surat // 7
Raja Duryan gumujeng ngagakgak
si Suryaningrat hengker
kabéh geus nyanggakeun taluk
sukur bagja diri aing
ayeuna mah urang pénta
garwana Nyi Ningrum
anu santen dénok lenjang
anu miwadal metik Banurungsit
hiap ka Engkang di Duryan

10. Yeuh Mala manéh ulah balik
seja aing arék ngamusuhan
rék direbut keur wanatéh (sic)
jeung hayang ngaraton ditu
ayeuna suratan deui
Raja Salkam enggal nyerat 7
sakedap geus putus
hulubalang bawa surat
masing gasik ka nagara Banurungsit
sanggakeun ka Radén Ningrat

11. Cedok nyembah hulubalang indit

tumpak kuda ditegarkeun gancang
buruk gancang carios
ka Banurungsit geus jebul
kebatna ka Srimanganti
geus kasondong éta raja
hulubalang diuk
Prabu Anom seug mariksa
nu timana utusan semu nu gasik
hulubalang cedok nyembah

12. Nun sumuhun tuan raja Gusti
dipiwarang ku rama gamparan
utusan Somala kahat (sic)
nyanggakeun serat piunjuk
énggal dipundut ku Gusti
Raja téh tuluy mariksa
ka éta piunjuk
mana Ki Patih Somala
hulubalang cedok nembah seug ngalahir
sumuhun diandeg jenggar (sic)

13. Énggal serat diaos ku Gusti
éta dina salebeting serat
(…..) Surya // Anom 8
ieu surat Duryan ratu
ayeuna perkawis abdi
ku kula téh geus katampa
nanging aya maksud
sampéan suka teu suka
ayeuna téh sing éra mun enya ngabdi
gerwa sampéan dipénta

14. Anu ngaran Ratnaningrum Putri
gancang-gancang saupama baha
teu mikeun Ratnaningrum téh
sampéan bakal dirurub
dibuang sabanurungsit
mun hayang waluya awak
tumuluy ngarutu
kadieukeun Ningrum Putri
ku kula téh ayeuna arék dikawin
mun teu mikeun tau rasa

15. Misti tugel matak dipeuncit
mastakana disiksik diwalang-walang
diarah paké parepéh
mun sampéan mikeun Ningrum
salamet badaning diri
sarta tuluy jadi raja
Ningrat masing purun
seng pilih mending mana
Suryaningrat nyokot putusan nyokot hurip
coba seug geura walonan

16. Ngan sakitu salebetin tulis
Perbu Anom Radén Suryaningrat
mindel sajeroning raos 8
sarengna gerwa Dén Ningrum
muringkak sabulu gading
na bet nitu Paman Duryan
jadi apa kolbu
ngaboyong lampah nu nista

Suryaningrat ngalahir semu jeung nangis
Nyai kumaha petana

17. Ana kitu Paman Duryan dengki
diri Engkang geus tinangtu tiwas
sabab Engkang jeung Eulis téh
geus takdir diri Yang Agung
ka // duriat jeung Nyai 9
kitu deui salaki mah
ngan paéh jeung hirup
tiap-tiap jadi raja
nya kawanina diri tacan manggih kanyeri
duka dina mana Nyai mah

18. Ratnaningrum ngalahir jeung nangis
aduh Engkang panutan bendéra
pikir abdi nu sayaktos
abdi hayang ulah kantun
raga sukma nu sajati
lamun nawar téa mah
pupus gé deuk milu
Akang perang kuring perang
kilangbara tina kapageuhan kuring
Duriat nu dibélaan

19. Énggal nyerat Perbu Anom gasik
éta eukeur walonan ka Duryan
sakedap enggeus parantosan 9
Hulubalang seug disaur
coba serat bawa deui
eukeur walonan ka Duryan

Hulubalang ka payun
cédok hampa serat
Hulubalang tipayun raja geus indit
Sigeukeun nu mawa serat

20. Kecap Radén Ratnaningrum Putri
sareng raka Perbu Anom Ningrat
eukeur nimbang-nimbang raos
aya deuk maju deuk mundur
enggal baé nyaur ka mentri
sareng para ponggawa
kocap geus karumpul
dipayuneun Sri Naléndras
sadaya demang Aria ngabaris
nganti-nganti dawuh raja //

3.PUPUH KINANTI

//1. Para Anom gasik nyaur
sadaya ponggawa mentri
mendak giri haturan
ayeuna datang balahi
kula rék dirurug perang
ku raja Somala dengki

2. Perbu Suryaningrat nyaur // 10
ka sadaya para mentri
diwartoskeun perkawisna
asal jadi musuh jurit
kadangu ka sadayana
ngahuleng ponggawa mentri 10

3. Naha bet raja dur ratu
asa pitanggeleun teuing
ngabohong teu kira-kira
parandena kitu deui
kapalang nempuh nagara
jeung abdi-abdina Gusti

4. Cedok nyembah sami mundur
ngumpulkeun kabéh perjurit
nakol bendé geus ngungkungan
kocap bedug enggeus nitir
guyur jalma sanagara
ka nagara banurungsit

5. Nu deukeut nu jauh jebul
ka nagara Banurungsit
sadis kaperjuritan
paketrok tumbak jeung bedil
tumbak panah geus sadia
sakur nu jago di nagri

6. Sigeug heula serdadu
nu aya di Banurungsit
kocap di nagri Duryan
kumpulan perbu pati
sakur anu kaparentah
tadina ka Banurungsit

7. Ayeuna ka Duryan taluk
nu jago sapuluh nagri

sadaya nyarandak balad
jeung parabot perang jurit
kocap anu keur (……)
geus gedé Duryan dengki 10

8. Kocap Hulubalang jebul
walonan ti Banurungsit
tuluy merek Hulubalang
ku Duryan geus katingali
Hulubalang nyandak serat
dina salebeting tulis

9. Emang Somala kitu
kuring taya wasa leutik
taya pisan kasalahan
teu maling endog sahiji// 11
carék paripaos téa mah
teu motongkeun jarum hiji

10. Ayeuna neda manah kitu
tibalik deui nya galih
bijil teu saé nya manah
timbalan paman geus yakin
seja nurut kaparéntah
ahir mundut gerwa kuring

11. Henteu pesén ratu mashur
ayeuna katara dengki
ngajulig ngabokong perang
keur aya Ama teu wani
ayeuna mah nya kapalang

dék diajar mandi getih

12. Samemeh kaboyong Ningrum
diajar heula ngajurit
teu acan perang tandingan
ieuh Somala geura indit 11
urang adu kejayaan
coba tempuh Banurungsit

13. Parantos serat geus tutup
uni serat Banurungsit
kadangu ku Raja Duryan
puriding kumis ngalengking
sakitu anu diteda
Si Ningrat hayangeun mati

14. Ayeuna para tumenggung
geura pada tata baris
urang rurub Suryaningrat
moal sajam ngadu jurit
cedok nyenbah para raja
ngumpulkeun kabéh perjurit

15. Sabaladna serdadu
geus cakep kabéh perjurit
geus sadis titadina
salapan nagri geus baris
tumbak bedil kalangtaka
panah tambang kalak keris

16. Kendang gong bari geus ngungkung

tambur terompét tarapti
para raja geus sadia
sadangdosan perjurit // 12
sarengna jeung balad-balad
ngagedur kabéh perjurit

17. Kuda wangtu geus ngaliud
titihan perbu patih 12
Raja Duryan tunggang gajah
diobeng perbu patih
ngagulung wadya balad
ngarugrug ka Banurungsit

18. Mariem disengeut jedur
burudul perjurit indit
ngaleugeudeut ti nagara
tambur terompét muruni (sic)
kadéngé ngong bari jeung gongna
ngaguruh asa kaindit

19. Kocap jengkar para ratu
sapungkur jeung para jurit
bandérana para raja
ngalebet katebak angin
sumawana raja-raja
kocapkeun kangjeng perkawis

20. Di jalanna teu kacatur
hanteu kandeg beurang peuting
geus nyorang watés nagara
nepis wiring Banurungsit

tuluy ka jero nagara
geus sumping ka jero negri

21. Mariem diseungeut jegur
ger tatabeuhan tarik
barebeng tambur disada
kendang gong bari jeung suling
sawaréh nu masanggrahan
geus ka Banurungsit

22. Baladna salapan ratus 12
guyur urang Banurungsit
nu baris nyerang nagara
ngadak-ngadik kabéh perjurit
taya untapan ngalawan musuh mangketi-keti (sic)

23. Sadaya anggeus taraluk
anut ka Duryan dengki
kocap Perbu Anom Ningrat
jeung Ratnaningrum perhatin
sumeblak manah // Dén Ningrat 13
Ratnaningrum kitu deui

24. Sumeblak manah Dén Ningrum
ngadangu guyur perjurit
katrug-turug baladna
taya anu béla hiji
kabéh kapukul ku Duryan
taya nu béla ka Gusti

25. Panasna kaliwat langkung

kilangbara baé diri
Suryaningrat énggal dangdos
sa dangdosan para jurit
Ratnaningrum seug haturan
Engkang kuring ngiring jurit

26. Suryaningrat tuluy nyaur
duh Rayi anaking teuing
Nyai montong milu perang
bisi kababuk perjurit
anggur dungakeun Pun Kakang
da Engkang mélaan Nyai

27. Matur deui Ratnaningrum 13
leres mélaan sim kuring
tapi kuring deui baé
paéh hirup hayang ngiring
lamun kenging nawar téa mah
pupus ogé hayang ngiring

28. Suryaningrat énggal nyaur
bener kitu temah eusi
Akang percanten kacida
kieu ayeuna mah Nyai
najan aya pangawasa
wayahna helaan pahing

29. Lamun Engkang perang pupuh
mun apes samasakali
Nyai montong heula anan
anggur kajeun Engkang Nyai

lamun Engkang perang kalah
di dinya nu geulis mikir

30. Kalah gé hayang rahayu
kajaba ajalna diri
éta amah geus hanteu jeneng
najan urang mashur jurit
ngan Nyai sing pageuh nahan // 14
ulah pisan mundur ati //

4. PUPUH DURMA

1. Kacarita raja nu kasapuluh téa
ka alun-alun sarumping
Raja Duryan Raja Salkam
nangtang ka Suryaningrat
Suryaningrat geus bijil jeung geus sadia 14
nyandak panah ranté beusi

2. Geus kadangu nu nangtang ku Suryaningrat
ti kadaton gasik bijil
taya hiji-hiji acan
réncangna Suryaningrat
ngalenyap Dén Ningrum Putri
duh palangsiang
Akang ninggalkeun kuring

3. Kasigeugkeun nu nangis di padaleman
kocap perbu Anom deui
jeung raja sapuluh tepang
Suryaningrat nyandak panah
wasiat salya nagari

jimat nagara
raja nu sapuluh wani

4. Nyipat bedil diwengkang bareng sapisan
buk-bek pélor keuna tarik
ka salira Raja Ningrat
teu gimir bulu salambar
taya pélor makan getih namprak lir opak
tiisna gé wani sami

5. Para raja pusing kabéh nyipet panah
temen sia waduk sakti
panah ranté tampanan
Suryaningrat miheulaan
nyipat panah ngan sakali
sieun dilepas
mabuk raja opat guling

6. Tinggal Salkam jeung raja Duryan téa 14
pusingna kaliwat saking
kocap panah Raja Ningrat
geus kitu lantaran
katabian mangprung tarik
mangké ragrag
di nu // santara nagari 15

7. Sepi mindel manahna Suryaningrat
Raja Duryan langkung pusing
nyipat bareng pisan
jebrod salila Dén Ningrat
ku ranté genep kabeulit

geus tampa pola
rubuh perbu Ningrat guling

8. Surak balad raména ambal-ambalan
Suryaningrat segruk nangis
kasimpe éta ku panah
Raja Duryan atoh pisan
nimbalan ka opat patih
Surayaningrat
ku manéh panjara besi

9. Suryaningrat dipenjara
dijaga ku dua mentri
dina istal kuda
saumur Suryanigrat
beurang peuting nyandang nyeri
nu susah urang tunda
kocap Raja Duryan deui

10. Wadya balad dikumpulkeun 15
ngaliud di jero nagri
Sang Duryan ka padaleman
diiring ku raja-raja
geus kasondong Ningrum Putri
dikatil ranjang
Nyai putri eukeur nangis

11. Raja Duryan retep geus teu puguh rasa
modélna radén ulah nangis
raja liman pada palay
ka Ratnaningrum Kusuma

Somala ngaasih-asih
ka Ningrum putrana
meugeuk denok ulah nangis

12. Ayeuna mah carogé ganti ku Engkang
ka Si Ningrat montong éling
Nyai téh kudu tarima
kaboyong ku diri Engkang
Ningrum Kusumah seug nangis
bari ngandika
nya dikumahakeun kuring

13. Enggeus takdir diri kuring // pindah raka 16
ngan nyuhunkeun témpo kuring
kira opat poé lima
ulah pataréma tangan
jeung kulem nya kitu deui
karana cegah
apes di Engkang di kuring

14. Raja Duryan gumujeng kocap ngagakgak 16
mangga Nyai nu geulis
Ratnaningrum seug ngandika
Engkang engké mangga pésta
kaulna diri sim kuring
Sang Raja Duryan
beuki bungah liwat saking

15. Naon baé kapalay Endén mah
urang gancangkeun perkawis
kocap raja geus sadis

natakeun raja
kacaturkeun enggeus peuting
pukul salapan
pinucung samara galih //

5. PUPUH PUCUNG

//1. Kacaturkeun para ponggawa geus kumpul
jedur mariemna
ger tatabeuhan geus ramé
ronggang oge dur-der sora gamelan

2. Para raja ka gedong geus pada kumpul
Raja Salkam Raja Duryan
jeung Ratnaningrum putri téh
hempak béres ngajajar mentri ponggawa

3. Maen arak para ponggawa jeung ratu
pada sukan-sukan ngaguruh kabéh di gedong
tinggoleséh sawaréh nu weureu arak

4. Raja Duryan ka para ratu ngadawuh
ayeuna sadaya
sakalina kaula téh
moal balik di dieu rék ngarajaan

5. Para raja sadaya sumuhun
(……..) ngupingkeun pisan
kana lahiran sang katong
bari su // rak jeung deui ngarak anaksa 17

6. Buruleng tambur jedur mariem ngaguruh
   catur ningrum putra
   ka raja Duryan seug naros
   raka Perbu Banurungsit anu gagah

7. Abdi naros Suryaningrat téh geus pupus
   atawa lumpat
   taya wartos meunang eléh
   saur Duryan Enung geus di penjara

8. Saumurna ku Engkang téh rék ditutup
   sabab raja opat
   ku surya éta paéh
   Engkang males panjara istalna Ningrat

9. Ratnaningrum najeroning éta nyaur
   ngaos pangawasa
   bari ngebutkeun karémbong
   Bismilahi sirep aing jabang baya

10. Sadayana diserep ku Ratnaningrum
    kocap Raja Duryan
    ujug-ujug baé kérék
    sadayana kabéh diserep ku pésta

11. Tatabeuhan sadayana keur ngaguruh
    datang sirep tea
    mani ana jep téh répéh
    kuda munding kabéh disirep galempar

12. Ganti ramé nu kérék pating salegur
sawaréh nu gundam
malah Raja Duryan ogé
gundamna téh kawas wawang keur diparab

13. Ratnaningrum lajeng barina jeung imut
kabéh ditimba balan
bisi aya nu teu saré
geus dironda sadaya téa nu gugah

14. Enggal baé muka senar Ratnaningrum
nyandak kalam tuluy nyerat
sakedap enggeus parantos (sic)
ditempelkeun kana taar Raja // Duryan 18

15. Pakis dibaluranna ku mangsi pinuh
sareng Raja Salkam
sakur para raja kabéh
genep raja sakabéh geus dicérongan

16. sanajan cérong lajeng enggal Ratnaningrum (sic)
kana istal kuda
deuk ngalayad raka anom
barang gék téh tetela geus dipanjara

17. Samalahan rakana enggeus ngaringkuk
wantuning matih sirepan
énggalkeun baé carios
Ratnaningrum tuluyna nyampak panjara

18. Suryaningrat ka Ratnaningrum dipanggul
ari panjara disépak
geus paburaset
sageus nyépak Ratnaningrum tuluy angkat

19. Ratnaningrum ti Banurungsit geus jauh
jalan turut tegal
kalangsu waktu geus poék
geus barabé beurang kira pukul lima

20. Seug dibuka sirep ku Ratnaningrum
Suryaningrat gugah
manahna raos nu ngimpén
naha ieu aing saha nu mawa

21. Ratnaningrum ngawalonna bari sujud
tuang rayi Engkang
nu ngaran Ratnaningrum téh
kuring pisan nu ngabantun ti panjara

22. Suryaningrat ngarontok bari jeung nyaur
aduh Nyi Mas Engkang
béla ka diri carogé
rasa Engkang geus moal bisa patepang

23. Raka-rayi sami nangis sareng bingung
pating kumaha
geus angkeun baé carios
lajeng angkat geus mungkur ti tegal // téa // 19

6. PUPUH PANGKUR

//1. Tunda lampah Suryaningrat
nu perhatian jeung Ningrum paremeswari
kocapkeun anu kapungkur
anu disirepan téa
pada gugah kocapkeun Somala Ratu
ningali ka Raja Salkam
gumujeng kocap ngagikgik

2. Ningali raray Raja Salkam
na kunaon raray silaing ku mangsi
Raja Salkam imut nyaur
geuning gamparan gé éta
wani hideung geus cambérok kaulanun
jeung gamparan aya serat
dina taar Kanjeng Gusti

3. Kebat Somala nimbalan
coba waca-waca Salkam taar kami
saha nu mopok hulu
énggal Salkam ngaos serat
lebet serat dumeting Somala ratu
jeung sakabeh para raja nu sakur dicérong mangsi (sic)

4. Nya aing nu nyieun surat
Ratnaningrum gero Suryaningrat ajani
lamun sia mashur pamuk
susul aing anu minggat
boro kocap sia téh digjaya pamuk
nanging beunang dicérongan
susul ku sia téh anjing

5. Parantos beuteung sirawet
arolohok sadaya para Bupati
sigeug di gedong keur guyur
kacaturkeun Patih wapat
gugah ningal panjara sakitan lapur
pok guneman jeung baturna
sangkan salamet nya diri

6. Énggal ngadeuheus sadaya
enggeus sumping ka payuneun raja calik
Raja Dur // yan geus nyaur 20
arék naon patih opat
cedok nyembah patih opat tuluy nyaur
kaulanun raja-raja mawi marek abdi-abdi (sic)

7. Nguningakeun Suryaningrat
nun samuhun leupas ti panjara beusi
beusina gé amburadul
ari ku abdi ditéwak
pada nangkap manéhna ngawitan ngamuk
abdi dicabok nangkarak
sadayan henteu éling

8. bareng abdi-abdi rebah
Suryaningrat ngageuleuding lumpat tarik
sigana ka gedong asup
panyana jadi deuk pasrah
ka salira Kanjeng Gusti kaulanun
sim kuring kangungeunaheun (sic)
jeung ngararasakeun kanyeri

9. Urut dicabok ku Ningrat
Raja Duryan pusingna wani ngadidir
dada beureum bari nyaur
moal teu si Suryaningrat
anu nyerang ka aing jeung para ratu
ka Ningrum hanteu percaya
abdi tandakeun ka putrid

10. Sadaya raja (sic)
kudu susul beunangkeun Ningrat jeung putri
siratkeun ka unggal ratu
kanu sapuluh nagara
lamun beunang kudu beuheungna ditiruk
sahiji paith geus angkat
nyiratkeun ka unggal nagri

11. Kacaturkeun Raja Salkam
seug unjukan kaulanun Kanjeng Gusti
sim abdi dék nyusul Ningrum
jeung deuk nangkep Suryaningrat
lamun tacan kateukteuk beuheungna rampung
abdi moal waka mulang
sareng lamun kengeng Gusti

12. Perkawis Ningrum Kusumah
lamun beunang ku abdi arek dikawin
Raja Duryan seug ngadawuh
nya kop bae mun beunang // mah 21
jieun gerwa lamun katangkep Nyi Ningrum
Raja Salkam cedok nyembah

tunggang onta nyemprung indit

13. Nyandak pedang jeung sanjata
hanteu nyandak balad sahiji nu ngiring
deuk muru ka puncak gunung
geus sumping ka gunung téa
Kira-kira pijalaneun Ratnaningrum
tigeug Salkam anu angkat
catur warga Duryan deui

14. Miwarang patih jeung damang
Aria patih digiringkeun
susul Suryaningrat Ningrum
montong ka dieu dibawa
teukeuk bae beuheungna mangké diditu
ari putrina seug bawa
tong mulang mun tacan panggih

15. Sanajan mulang mulanna
cedok nyembah sanggeus tutas patih indit
ngumpulkeun soteh serdadu
kabeh perjurit dangdanan
opat sarsan geus cakep di alun-alun
baladna kabéh sadia
perjurit dibagi duit

16. Kocap budal ti nagara
seja nyusul Suryaningrat sareng putri
perjurit dalapan tambur
enggeus jauh ti nagara
perjurit geus nyorang pasir gunung

nurut-nurut pangalasan
matrol sabeurang sapeuting

17. Mang tunda anu néang
balad raja Somala geus teu kawarti
aya deui nu dicatur
raja di nagara Duryan
jembar dada ngerehna ka opat ratu
kakasih raja Jenggala
papatihna Indra Bumi

18. Waktu harita maseban
dideuheusan patihna Indra Bumi
jeung wasta Demang Langlaung
sakabéh ponggawa hampak // 22
raja jeung gaka radén ngadawuh
aeh Radén Patih ayeuna
nyira baris peura nyai

19. Kira opat poé lima
ngopan meumpeung putri lenjang sarta geulis
buat pigerwaeun ratu
jeung sakabéh para ponggawa
lamun kéngeng putrid geulis putra ratu
ku kula tangtu diganjar
di serena hiji nagri

20. Cedok nyembah sadayana
sageus tutas nimbalan ti Kangjeng Gusti
kocapkeun Demang Langlaung
sanggeus diwawuhan raja

anjeunna téh mun mendak yén jadi ratu
angkat jauh ti nagara
nyiar baris garwa putri

21. Ki Demang geus migunungan
tuluy matrol dina tepis wiring nagri
damelna Demang Langlaung
meuntaskeun anu ngaliwat
Bagawan (……)
cai gedé liwat saking

22. Urang jalma nu ngaliwat
wantu leuweung gedé kaliwat saking
mun lain jalma nu kabur
mangka tunda deui demang
nu keur matrol malikan hanca kapungkur
kocap deui Suryaningrat
tambuh polah nu perhatin //

7. PUPUH GAMBUH

//1. Kacarita Ratnaningrum
keur di leuweung luwang-liwung
sarengna raka jeung rayi
pada pahatu (sic)
angkatna teu puguh jalan

2. Nyaur eurih Ratnaningrum
semuna lungsé kalangkung
melas-melis bari nangis
kuma urang Engkang Perbu
kamana ayeuna ba//lad 23

3. Sareng kuring hayang nginum
barang rut-ret ka béh kidul
ningal patamanan resik
Dén Ningrum uruy kalangkung
ka raka seug nyaur laun

4. Engkang-Engkang urang maju
énggal angkat Ratnaningrum
geus kapungkur leuweung kai
béh jalan gedé kalangkung
manah Ratnaningrum plung-plong (sic)
bet ieu taman téh Enung
mangga Nyai urang paju kapayun Perbu Anom (sic)
sorangeun jeung Ratnaningrum
palay cai liwat langkung
kana taman enggeus sumping
tuluyna ngarot Ratnaningrum
kalangkung palay nu ponyo (sic)

5. Geus ngarot radén seug nyusul
sareng putri Ratnaningrum
seug siram di taman cai
caina tiis kalangkung
pada silih ruru tonggong

6. Bareng siram enggeus tutuh
seug nganggo Dén Ratnaningrum
sareng radén Ningrat deui
Ratnaningrum mindo nyaur
mangka angkat Engkang anom //

8. PUPUH SINOM

1. Sigeug Suryaningrat
   keur angkat di taman sari
   kocap utusan Duryana
   Radén Patih Indra Bumi
   (…….) para nyai
   istri nu anom nu lucu
   patih angkat tuluy taman
   diiringkeun ku para mentri
   bareng ningal ka payun kabadi manahna

2. Patih nyaur ka ponggawa
   (……) ieu aya istri geulis
   geulis mancur cahayana
   jeung diiringkeun lalaki
   tada teuing Kangjeng Gusti
   lamun mendak putri nuju // moal teu tetep manahna 24
   jeung ka aing tada teuing
   ngaganjarna tinangtu asih nagara

3. Para ponggawa haturan
   kulanun Juragan Patih
   da gamparan mah kawasa
   masih nu boga salaki
   saumpami itu putri
   lamun salakina itu
   pundut baé masing garang
   ngalawan baé dipeuncit
   Radén Patih gancang kana putri téa

4. Anggeus sumping kana taman
Ratnaningrum geus ningali
Indra Bumi seug mariksa
eukeur nawan ieu istri
bet aya di taman sari
ieu téh rarangan ratu
(……) kamianu ngajaga
papatihna Indra Bumi
Ratnaningrum gék calik hormat ka patih

5. Radén Patih ngalalakon (sic)
mariksa ka Ningrum putri
naha Nyai urang mana
jeung ieu satria ginding
semu eukeur perhatin
naha naon nu dimaksud
Nyai téh garwa satria
ka dinya atawa lain
Ratnaningrum cedok nyembah ngawalonan

6. Dawuh pariksa gamparan
ka dinya lain salaki
abdi dulur teges pisan
sim kuring terahing patih
sareng ngaranjam jisim kuring
Ratnaningrum anu nyaur
ari éta Suryaningrat
kapiadi sim kuring
ari abdi ti Banungrungsit nagara

7. Mawi dongkap ka panduka
jalan kabur jisim kuring
Kangjeng Rama kabéh perang
kabeyeng ku lawan nagri
hanteu sudi jisim kuring
anu mawi abdi kabur
rék (…..)
didinya téh paman abdi
ari abdi nu mawi kana taman

8. Ari abdi nu mawi kana taman // 25
jisim abdi teu uninga
ku abdi dipaké mandi
sugan téh lain larangan
neda malum baé abdi
tina lepat jisim abdi
Patih Indra Bumi nyaur
kajeun kitu ayeuna mah
Nyai téh enggeus pinasti
bakal jadi gerwa ratu di nagara

9. Karana Engkang téh nyiar
nu geulis eukeur gerwa Gusti
enya éta Nyai pisan
anu lenjang sarta geulis
hayu baé urang indit
badé gerwa Kangjeng ratu
ulabon lengoh salira
sanajan gaduh salaki
yén dibedol cara Nyai alusna

10. Ratnaningrum matur mangga
kulanun Juragan Patih
jisim abdi lain baha
kana lahir Kangjeng Gusti
najan niat jisim kuring
wantu aya nu dimaksud
Indra Bumi walon keras
sarta bari mesak keris
teges sia ka aing hanteu ngawula

11. Deuleu keris aing ngabar
Ratnaningrum walon manis
kaulanun atuh mangga
supaya ulah dibasmi
Radén Patih nyaur deui
hayu ayeuna ka ratu
urang lajengkeun carita
geus bral angkat nyi putri
diiringkeun ku patih sareng punggawa

12. Suryaningrat jeung ponggawa
pungkureun putri Dén Patih
patih diiring punggawa
geus sumping ka Srimanganti
raja jeung gaseg ningali
kagét ningali Ratnaningrum
Radén Patih geuwat hiap
calikeun baé ka korsi
Ratnaningrum énggal dicalikeun pisan

13. Kangjeng Raja seug mariksa
nyaketan ka Radén // Patih
ieu putri-putra Ama
mana cocog-cocog teuing
jeung deui ieu lalaki
salaki atawa dulur
jeung saha jenenganana
Radén Patih énggal ngalahir
nu pameget jenenganana Suryaningrat

14. Ka Nyi Putri saderékna
jenengan Ningrum Putri
énggal dilantaskeun pisan
anu diperkawis diitung hiji-hiji
ku Putri heunteu kalarung
perkawis Ningrum jeung Ningrat
sareng kakuping ku Gusti
aduh Gusti sukur bagja kumayang

15. Ki Patih geura tetebah
ayeuna nyai dék kawin
dina poéan ieu pisan
ulah diisukeun deui
Ratnaningrum seug ngalahir
aduh Gusti panunuhun
sim abdi tempoan heula
wates lima genep peuting
raja nyaur duh nyai hayang ayeuna

16. Jeung deui Suryaningrat
badé diangkatkeun mentri

mentri kadatuan ayeuna
Dén Ningrum ngalahir deui
kaulanun Kangjeng Gusti
gamparan mangga sing luntur
kuring téh mangga diidinan
ulah waka rusuh kawin
raja jeung nya gogodég nyaritanan tanggah

17. Kajeun teuing deuk dipaksa
sapira wewesen istri
Ratnaningrum matur nyembah
mangga atuh Kangjeng Gusti
ayeuna kuring sakatil
tapi aya deui maksud
gamparan mudu diarak
aya geugeut ka sim kuring
raja jeung ngadangukeun (…..) // niba 27

18. Sukana kabina-bina
denok lenjang anu geulis
bebené Engkang sorangan
wani asa dapet diri
nyaurkeun énggal sakatil
Nyai geungeun Engkang tilu
deungeun nyai jangan gusar
Nyai punya laki Gusti
Nyai suruh Engkang makan arak

19. Peuting engké urang penta
kumpulkeun punggawa mentri
makana kudu sadia

Ratnaningrum seug ngalahir
lamun aya idin Gusti
abdi baé anu nyukup
kuring baku nyieun arak
eukeur di nagri sim kuring
eukeur mashur tukang nyieunan anak

20. Raja atoheun kacida
sukur Nyai anu geulis
Nyai putri lenjang dangdan
mawa batur dua siki
seug dibawa kanu buni
Suryaningrat mimilu
tuluy pakepuk duaan
nu dijieun daru beusi
geus sadia tuluy dibawa kana méja

21. Barang geus dilumuran Suryaningrat mawa cai (sic)
sarta beunang ngalumuran
kacaturkeun enggeus peuting
kabeh enggeus caralik
tuluy pada nginum
Suryaningrat ogé dahar
nanging nu dileueut cai kabéh
mabok raja jeung patih ngajopak

22. Ratnaningrum énggal dangdan
sareng Sutyaningrat deui
mangké ayeuna mah Akang
meungpeung raja keur ngaguling
Suryningrat ngejat gasik

sareng Suryaningrat kabur
tipeuting pukul salapan
nu ngajaga lawang// kori 28
teu uninga nu kabur Ningrum jeung Ningrat

23. Sinigeug Raja Duryana
hanteu dicarioskeun deui
lantaran Ningrum Kusumah
reujeung Radén Ningrat deui
kocapkeun jauh ti nagri
geus beurang beh manggih gunung
Ratnaningrum Suryaningrat
geus asup ka leuweung kai
récét manuk berung-berung di kayu nilawang //

9. PUPUH WIRANGRONG

//1. Suryaningrat seug ngalahir
aduh geulis nyai enong
heman ti heula ka ditu
wantuning di leuweung kai
ulah angkat réréndéngan
pamali carék sepuh mah

2. Seug tiheula nyai putri
angkat dina leuweung gonggong
Suryaningrat mah tipungkur
ngiringkeun Dén Ningrum putri
angkatna kareueung
ngaguruh manuk disada

3. Surili pating jarerit
kasa hada nu maju
teuweuw disadana tarik
bur-ber nyabeutan ka Ningrat
julang disada hag-hagan

4. Toéd disadana muni
pikir manuk nu ngaromong
manusa ulah rek maju
di payun aya balahi
dudut disada lah-lahan
gung-gong manuk disada

5. Kareueung teuing pikir
bari angkatna téh alon
hiliwir angin ti kidul
tariis salira putri
lar macan halangan angkat
tapi lain deuk ngahakan

6. Macan ngomong jero pikir
manusa ulah jarongjon
aya balahi dipayun // 29
éta jalan kudu nyingkir
jol cangéhgar ngabalaktak
aul muni ulah-ulah

7. Recet manuk ngeling-ngeling
jeung sagala kabeh sato
Suryaningrat keueung kalbu
nyaur sajeroning pikir

lempoy semu teu nangan
lir macan angkat ti tegal

8. Kareueung teuing nya pikir
rasa di leuweung gonggong
tugenah diri nu kabur
mana nyeri-nyeri teuing
ngarasa siksaan dunya
diri dipareng sangsara

9. Jeung éling ka jimat nagri
senjata saha nu nyokot
baréto keur perang pupuh
Suryaningrat semu nangis
ras ku manah hanteu aya
lantaran diri sangsara

10. Énggal baé perkawis
Ratnaningrum Perbu Anom
turun gunung unggah gunung
angkat dina leuweung kai
panjang di leuweung Duryana
geus mungkur ti manuk loba //

10. PUPUH PANGKUR

//1. Tunda deui anu angkat
nyaritakeun Raja Salkam nu julig
nu di Duryan nyusul Ningrum
keur matrol di leuweung éta
ngan nyalira henteu nyandak serdadu
nyandak pedang jeung senjata

katilu onta sahiji

2. Dina leuweung pang poékna
Raja Salkam sundelna kaliwat saking
nu kacangcan Ratnaningrum
bareng ningal pangliwatan
lakadalah biang-biang Ratnaningrum
kabeneran aing bagja
kapang ieu Nyi putri

3. Bakal tulus jadi gerwa
(…..) méong // hadé teuing sisit aing
isuk mah kulem jeung Ningrum
kacarita Suryaningrat
rada anggang jeung putri teu nangan séwu
Ratnaningrum jongjon angkat
Suryaningrat mah pandeuri

4. Raja Salkam top sanjata
geus disipat gonéwa tarik jamparing
seug ngadoho dipungkur
Suryaningrat jongjon angkat
anjeuna téh hanteu ningali ka pungkur
biur sanjata dileupas
jetot Radén Ningrat guling

5. Kapanggang pisan ku panah
wani parat kana patuangan nilir
Radén Ningrat ngarumpuyuk
rubuh ku sanjata panah
taya tangan tanaga kalangkung lesu

Ratnaningrum jongjon angkat
teu uninga raka ngaguling

6. Engkang kembang naon bodas
seungitna téh kararueung kana diri
Ratnaningrum énggal mungkur
bet aing ngomong sorangan
rérét ngetan rakana katingal rubuh
Raja Salkam gewat ngudag
sumping ka payuneun putri

7. Raja Salkam seug ngandika
denok lenjang gerwa Engkang anu geulis
Suryaningrat enggeus rubuh
dipanah ku Engkang modar
cing kumaha ayeuna Nyi Putri nurut
dijieun gerwa ku Engkang
lamun béla ka salaki

8. Ayeuna Nyai dipedang
meureun mawa Engkang téh beheung Nyai
disanggakeun ka Sang Ratu
jeung hulu Suryaningrat
lamun ka Engkang hanteu deuk nurut
coba timbang mending mana
hayang paéh hayang hirup

9. Ratnaningrum seug ngandika // 31
ayeuna mah anggeus takdir diri kuring
pindah ngaraka geus tangtu
ayeuna buktina Engkang

Raja Salkam sukana kaliwat langkung
duh Rayi bendéra Engkang
terus teuing kana ati

10. Mangga geura nitih onta
dina onta di luhur ku Engkang Nyai
Ratnaningrum seug ngadawuh
kaulanun Raja Salkam
mun ngadua ti payun mah kuring cadu
Raja Salkam seug ngandika
mangga ti pungkur gé Nyai

11. Enggal nitih Raja Salkam
Ratnaningrum tipungkur ngadua nitih
digitik ontana nyemprung
Ratnaningrum seug haturan
Raja Salkam onta ulah sina nyemprung
sok lanjung kuring teu paya
leumpangna baé sing nyirig

12. Raja Salkam narik onta
onta laun kawas kuda baé nyirig
Ratnaningrum unjuk hatur
kaulanun Raja Salkam
kuma kuring wani beurat ieu punduk
kababukan buntut onta
lamun aya idin Gusti

13. Urang potong buntut onta
Raja Salkam ngalahir bari jeung manis
Enung bisi ngagurubug

jeung karunya ka ontana
Ratnaningrum ngawalon bari jamedud
komo mun menta ontana
buntutna ogé celewik

14. Kakuping ku Raja Salkam
seug gumujeng ngalahir bari manis
aduh nyai Engkang malum
poho teh kabina
mangga baé // buntut onta geura bunuh 32
sanajan ogé ontana
da kagungan Agan Putri

15. Teuteuk baé ayeuna mah
nyekel baé kana angkéng Nyi Eulis
énggal nyandak Ratnaningrum
kana angkéng Raja Salkam
Ratnaningrum ngelung pedang dongkap rusuh
lain ngadék buntut onta
jekuk Raja Salkam guling

16. Beuheung Raja Salkam rangkas
jadi dua misah mastaka jeung diri
Ratnaningrum énggal lungsur
ontana teu puguh losna
Ratnaningrum segruk nangis bari pok nyaur
aduh Engkang Suryaningrat
tuang rayi ngiring mati

17. Aduh Engkang Suryaningrat
tuang rayi atosan deuk ngiring mati

Suryaningrat usik nyaur
Nyai ulah waka imsa (sic)
diri akang masih aya kénéh umur
anggur paut ieu panah
jeung paéh mawa jamparing

18. Ratnaningrum maut panah
wani peureum socana hanteu ningali
berebet panah dipaut
Suryaningrat kapiuhan
Ratnaningrum nyuuh marukana pupus
geus lila éling ngandika
Engkang kuring ngiring mati

19. Éling deui Suryaningrat
Ratnaningrum ngadambel lepit sahiji
ka rakana bari nyaur
Engkang ieu lepit tuang
ngan bijil cai ka raheut ngucur
kuring kari ngantos wapat
érék néwék manah kuring

20. Lapitna enggeus dituang
seug diteureuy cai kana raheut bijil
lajeng Ratnaningrum nyuuh
Ratnaningrum téh nangis // 33
cisocana Nyai Putri geus murubut
geus taya taksiran mulya
ngan kari ngantosan mati

21. Pinasti marga lantaran
sumping oray tina luhur kai
oray cinde nu tipayun
diiring ku oray sutra
éta oray kersaning nu maha Agung
ngalantaran anu papa
jalan piwaraseun diri

22. Kocap ayeuna oray sutra
miheulaan ka oray cinde ti gigir
hayangeun angkat ti payun
oray cinde hanteu suka
cok dipacok oray sutra lajeng pupus
harita mah semu suka
geus lila semu pikir

23. Oray cinde bingung pisan
hanteu aya pibatureun nu ngiring
oray cinde ngajelepuh
luak-lieuk ngaler ngétan
tampa polah bareng ningali ka payun
mendak kayu singa walang
ku oray cinde disegit

24. Tuluy diburakeun pisan
kana urut oray cinde macok tadi
oray sutra lajeng hirup
tuluy indit duanana
seug dimanah ku Rahadén Ratnaningrum
naha éta oray téa
kawas ngingetan ka aing

25. Ratnaningrum lajeng angkat
seug nurutan kana lampah oray tadi
sigana méré pituduh
tuluy nempok kayu walang
pek dibeuweung ku Rahadén Ratnaningrum
seug diburakeun ka Ningrat // 34
kana urut panah tadi

26. Kersaning Alloh Taala
Suryaningrat ti dinya walgri deui
ningali ka Ratnaningrum
énggal angkat sasarengan
dina leuweung turun gunung unggah gunung
béh wates nagri Durselan
pamegatan anu julig //

11. PUPUH MAGATRU

//1. Mangga ayeuna Demang Langlaung
piwarangan Sang Jenggali
neangan putri yang bagus
buat Gerwa Kangjeng Gusti
nu geulis sarta nu anom

2. damelna téh purah meuntaskeun Dén Langlaung
welahna enggeus maragi
nu ngaran éta pandayung
beunang ngahaja ku beusi
wantuning niat ngabaja (sic)

3. Tatapina éta Ki Demang Langlaung
saderék Raja Jenggali

jadi ieu nu sepuh
tapi jenengna geus nyingkir
marémat wantu geus kolot

4. Tatapina kapalayna jeung ratu
lamun meunang putri geulis
panarima Kangjeng Ratu
saha nu meunangkeun putri
bakalna nyangking karaton

5. Kacaturkeun Suryaningrat Ratnaningrum
atoheun kaliwat saking
pada mendakan parahu
tukang matrol atoh seuri
mendak putri geulis anom

6. Ratnaningrum ka tukang meuntaskeun nyaur
Paman neda meuntas kuring
eujeung deui Paman gunung
sabaraha mayar duit
tukang meuntaskeun pok walon

7. Da Paman di dieu // lain buburuh 35
hanteu amrih kana duit
ngan puguh Paman geus sepuh
seja tumulung ka jalmi
bisi meuntasna ngoloyong

8. Tatapi moal kuat mun kitu tilu
wantu parahuna leutik
mun ku tilu sok tilebuh

parahuna sok tibalik
Ratnaningrum seug ngawalon

9. Saha heula atuh Paman ka parahu
Ki Langlaung seug ngalahir
tuang raka heula kudu
Enéng mah osok pandeuri
Kanjengna nu diparios

10. Radén Ningrat enggeus nitih ka parahu
Ki Langlaung téh kamudi
diwelahna enggeus majeng (sic)
tepi tuluyna ka hilir
ka nyi putri geus teu tembong

11. Ki Langlaung jeg cengkat ngungsadkeun parahu (sic)
Radén Ningrat tijumpalik
kana cai tigejebur
lanlaing teu keuna beusi
Suryaningrat bek ditenggor

12. Nu titereb di tulung ku Ki Langlaung
Dén Ningrat lahék teu eling
sangsara deui kalangkung
Suryaningrat tuluy palid
ka hilir geus ngaléngleong

13. Seug diwelah parahuna Ki Langlaung
ka Ratnaningrum geus tepi
nyantong di sisi parahu
Ratnaningrum seug ka sisi

Ki Langlaung pok ngawalon

14. Mangga Enéng geura nitih ka // parahu 36
Ratnaningrum énggal nitih
diwelah parahu maju
ka girang enggeus nyiriwik
ngaloyongna tuluy ngulon

15. Ratnaningrum nyaur salabeting kolbu
na ari salaki aing
meuntaskeunana kaliru
majuna ka tebéh hilir
ari aing bet los ngulon

16. Ratnaningrum ka tukang meuntas catur
naha Paman béda teuing
meuntaskeun pasial maju
salaki kuring ka hilir
ari kuring bet los ngulon

17. Ki Langlaung ka Ratnaningrum seug wangsul
saterangna mah nu geulis
tuang raka enggeus pupus
tikecebur kana cai
ka hilir geus ngaléngleong

18. Ari Enéng rék dipaksa gerwa ratu
entong éling ka salaki
najan nyaah gé geus pupus
anggur jadi gerwa gusti
sugih dunya réa katon

19. Di nagara Duryana Jenggala Ratu
Ratnaningrum seug ngalahir
jadi kumahakeun atuh
takdir misah jeung salaki
ayeuna taya sawios

20. Sukur-sukur sim kuring téh jeneng ratu
ngan aya maksud sim kuring
mun aya loan nu alus
sarta nu buahna rimbil
kudu ngala pikeun landong

21. Ki Langlaung seug nyaur ka Ratnaningrum
kapan aya tuh disisi
tangkal loa gedé luhur
tuh geuning disisi cai
buahna arasak raweuy (sic)

22. Barang dongkap ka sisi cai parahu
Ratnaningrum seug ngalahir
mangga//pangalakeun atuh 37
loa téa Paman enjig
tuh nu pangkujurna raweuy (sic)

23. Hatur mangga tuluy naék Ki Langlaung
Ratnaningrum pinter sidik
kana tangkal loa maju
nu naék teu katingali
Ratnaningrum nyandak bedog

24. Bedog demang seug dianggo nyacar
tangkal loa dikuriling
ngaborangan Ki Langlaung
sadaya cucuk ni matih
geus ngaborangan ngaleuya (sic)

25. Ki Langlaung ti luhur loa seug nyaur
mangga loa ieu Nyai
asakna mani ambucuy
Langlaung bareng ningali
Nyi putri lumpat ngaleos

26. Ki Langlaung ti luhur turunna rusuh
arék ngudag nyai putri
geus reg kana cucuk guling
Langlaung dengek ngagero

27. Aduh biung nyeri teuing ieu cucuk
Langlaung teu lila deui
guyur baé tuluy pupus
kocap Ratnaningrum deui
kumambang nangis hawatos //

12. PUPUH MASKUMAMBANG

//1. Ratnaningrum sasabat barina nangis
Engkang Suryaningrat
antosan sim kuring mati
hirup gé da ngan sorangan

2. Ratnaningrum neda ka Yang Widi
hayang ulah tinggal

raka mati kuring mati
jeung angkat tuluy bang//gawan 38

3. Lampahna Rahadén putri
nyusulan rakana
reuo-reup poé tipeuting
angkatna kadungsang-dungsang

4. Angkat dina turut-turut cai
kocap geus bray beurang
béh gawir cadas ngawingking
sangiang terusing lemah

5. Ti luhurna leuweung lega leweung kai
Dén Ningrum Kusumah
angkat kapegat ku burit
tuluy saba leuleuweungan

6. Liwat langkung kasab kiya-kiya teuing
hirup gé sangsara
papisah sareng salaki
seug baé nyabakeun awak

7. Manuk badak harakanan ieu aing
kadarieu hiap
néang baé anu beuki
geuwat aing harakanan

8. Barang raray Dén Ningrum éta kagigir
béhna naga calawak
huntuna sagedé patik

hurung calawak sadeupa

9. Ratnaningrum nyaur sajeroning galih
paéh ayeuna
enggeus tapi kana tulis
ajal dihakan ku naga

10. Éta naga ditarajang ku nyi putri
naga téh ngangah
nyi putri teu nempo deui
gebrug kana sungut naga

11. Barang gebrus naga leungit tampa lebih
bieu gogoda
ngarancana nyai putri
nu siga naga téh guha

12. Nyai Putri seug nyolondo tuluy cicing
kocap guha téa
aya nu tapa sahiji
Néng Rukman ti nagri mekah

13. Enggeus lami tepangna éta Néng Rukmin
geus meunang dalapan
puluh tahun anu ahir
tara kasorang ku jalma

14. Geus pinasti aya putri perihatin
Néng Pandita//ningal
ka éta putri keur calik
kagét manis ngandikana// 39

13. PUPUH DANGDANGDULA

//1. Néng Pandita mariksa ka putri
nu ti mana kadieu téh datang
lami aya didieu téh
geus dalapan puluh tahun
ayeuna kakara manggih
aya jalma aya nyareng
istri eulis alus
naon anu rék diseja
geura jawab ayeuna Enéng ku Nyai
Ratnaningrum seug ngandika

2. Kaulanun sembah baktos kurang perkawis
Eyang téh mariksa
najan abdi teu nyarita
Eyang anu langkung malum
uninga dilampah kuring
saperwana kuring dongkap
Néng Pandita nyaur
benér Éyang geus uninga
lampah enéng papisah reujeung salaki
ayeuna eukeur sangsara

3. Geus pinasti jeung Eyang panggih
tina éta jalana lantaran
najan gogodana gedé
teu beunang dikitu-kitu
tina nu geus iklas diri
ka urang meunang pisan
dipasihan alus
yén kudu aya lantaran

ulah aral mun lamun urang keur perhatin
ulah nangis keur sangsara
kudu pasrah ka Gusti Yang Widi

4. Kudu pasrah ka Gusti Yang Widi
sanis kanten asup kana paribasa
nu babari jeung nu hadé
najan nu beunghar kitu
malarat heula dék sugih
mungguhing terahing raja
manah jadi ratu
sangsara payah masakat
ana hanjat tangtu meunang sugih pikir
eujeung adil palamarta

5. Tina éta urang perhatin
meunang panjang elingan salira
awon kapegat ku (…….)
tina anu geus kapungkur
sangsara masakat diri//
ahirna sangsara manah //
sujud ka Yang Agung
loba (……) urut sangsara
jal-jol meunang beurat beunghar sugih
mukti mun meundak teu kasaéan

6. Arang-arang bisa nyegah diri
tina hanteu aya urut cacad
napsu nu kadalon-dalon
hanteu teuing ka Yang Agung
rintih pasihan Yang Widi

lamun jalma kamagungan
ana kurang kolbu
loba-loba geus mendakan
diri Éyang tina geus ngarasa nyeri
iklas tina aya guha

7. Sagedéna anu geus kapanggih
ku Kang Eyang mungguhing pangéran
teu kurang kamurahan téh
nu awon nu jeung nu alus
nu niat kurang jeung dengki
éta dianteur lampahna
kamurahan kitu
geus puguh niat saé mah
tambah-tambah alus
jeung ludeungan pasti diri
hampang jeung reueusna senang

8. Ratnaningrum tungkul teu ngalahir
ngadangukeun piwuruk Néng Rukaman
enggal diwuruk nu saé
élmuna jeung panému
titi surti lahir batin
murti lamun murta
basa surti Enung
niat gedé leutik rupa
perwagerna (….) mawat galih Nyai
basa purwa

9. Wiwitana jeung Éyang papanggih
ari kana basa guna téa

gedé anu bulis hayang
basa guna kembang erum
nya éta tandaning putri
basa nyandak lepit kembang
gelung malang Ningrum
pasti bakal nyangking jaya
basa jaya éta pasti aya diri
kulit nalukkeun pakarang

10. Rana-rana piwuruk Néng Rukmin
Ratnaningrum tungkul teu ngandika
tuan Néng Rukmin // ngawalon 41
héy Enung Nyi Ratnaningrum
putra patih Banurungsit
Éyang téh ngawasiatan
geus pasti tumurun
tampanan kamandan kembang
jimat éta ngaran Turgawasita jin
di Enung pantes gawéna

11. Mujijatna lamun manggih jurit
éta musuh hamo bisa medang
perbawana lumpuh baé
sartana sok hayang ngapung
sabab ieu karambang jin
tatapina Enung ahirna bakal manggih musuh (sic)
istri tandingan digjaya
sabab ieu dada jana Turgajati
héy Enung ieu tampanan

12. Ratnaningrum nyembah langkung ajrih
jeung nampanan jimat ti kandita
Ratnaningrum manér alon
sim kuring nuhun sarébu
disangga laku galih
nampa lumiring salaksa
berkah Sing Yang Agung
sareng naros kersa purta
kinten-kinten pitepangeun deui kuring
jeung salaki kuring téa

13. Néng Pandita ngalahir ka putri
euh anaking mun Enung nanyakeun bakal
mendak lawan gedé
Enung kudu rupa nyamur
ayeuna jadi lalaki
lamun istri kenéh mah
réa nu takabur
pameget réa nu hayang
sabab Enung jadi istri geulis teuing
jalma loba kaedanan
ayeuna mah geura salin rupi
ata anggo kekebén
udengkeun ka mastaka téh
jeung deui wasiat baju
ngaran sutra jenar mari
Ratnaningrum énggal dangdan
pangganggona mubyur
leungit istri jadi lanang
Néng Pandita maparinan deui keris
ngaranna pun mantél // naga 42

14. Ieu keris mun dipaké jurit
kudu pageuh nyekelanana
mun mendak baju nu matrol
geus ditampa ku Dén Ningrum
pandita ngalahir deui
Enung téh digentos ngaran
asalna Dén Ningrum
diturunkeun nama Éyang
aya hanteu petot
ka Éyang nya éling
Radén Jayarukmantara

15. Tatapina (……) nya idit
ulah nyusul ka raka Suryaningrat
ayeuna Radén indit teh
tur jug-jug nagara Remu
tinangtos dinya pinanggih
eujeung Nyai bakal genah
los radén di jurung
eujeung diusap mastaka
Radén Jayarukmantara nyembah indit
bari sujud ka pandita

16. Tangis sujud ti pandita Rukmin
Néng Pandita ngalahirna
diduakeun ku Éyang téh
tujuh lengkah masing tungkul
ulah ningali ka gigir
cedok nyembah Rukmantara
angkatna enggeus jung
angkat keupat ngalangkedang

matak lucu kayungyun nu ningali
jeung maos kinanti jepung//

14. PUPUH KINANTI

//1. Dén Rukmantara geus jauh
ti patapan Néng Rukmin
kira jauhna lima pal
angkat dina leuweung kai
ngaguruh manuk disada
jaralang lutung surili

2. Sato héwan pabaliut
warna-warna katingali
manuk jaralang jeung heulang
gajah singa macan wedis
Radén Jayarukmantara
kareueung di leuweung kai

3. Lenyap ningali ka kidul
aya Enung katingali
riag-riag jalma loba// 43
sihoréng para jurit
piwarangan Radén Duryan
ti nagara Banurungsit

4. Kocap Arya patih nyaur
ka demang Mandalagiri
Yayi Demang kuma urang
lumampah nyusul putri
hanteu waros-wartos acan
sampun nanang mun kapanggih

5. Na kamana Ratnaningrum
kaburna bet bisa teuing
jeung éta Suryaningrat
urang matrol heubeul teuing
jeung ieu bakal geus béak
deuk balik isin ku Gusti

6. Sakitan tacan katimu
bareng keur garunan warti
sumping Jayarukmantara
perjurit kabéh ningali
Juragan itu satria
bijil tina jero kai

7. Jiga Suryaningrat itu
kagét Aria ningali
dideukeutan Rukmantara
seug dipariksa ku patih
éh manéh urang mana
bijil tina jero kai

8. Kawas jalma anu kabur
sorangan di jero kai
jeung saha silaing ngaran
Dén Rukman gancang mgalahir
ngaran kuring Rukmantara
imah kuring ti basisir

9. Numawi di leuweung liwung
kuring entas neang racik
ngeuradna mencek jeung uncal

purwa aya jero kai
purag tacan meunang kidang
jadi kuring balik deui

10. Arya Patih mino nyaur
éh silaing sigan manggih
atawana hawar beja
serah manah urang sisi
teu manggihan jalma dua
awéwés sareng lalaki

11. Jenenganana Dén Ningrum
Suryaningrat nu lalaki
Rumantara pok ngandika
kulanun Juragan // patih 44
jisim kuring mendak pisan
asal urang Banurungsit

12. Arya Patih mindo nyaur
dimana ayeuna sidik
tuduhkeun man anteur heula
énggal diburuhan duit
pok nyarikeun heulaan
purwa nu matak sidik

13. Jayarukmantara nyaur
purwana nu matak sidik
aya lain dinu lain
tegesna di jisim kuring
manehna pita bubujang
geus heubeul aya di kuring

14. Suryaningrat mah pupus
tinggal putrina di kuring
sanggeus katinggal ku raka
gerwana top kuring
berekah yén kanyeumeukan (sic)
beurang peuting ka Nyai Putri

15. Kasauran Ratnaningrum
asa teu ninggal salaki
sami jeung Suryaningrat
saur putri ka sim kuring
jadi kuring salakina
nedana éta ka putri

16. Kagét Aria ngadangu
ngadak-ngadak kumis ngalengking
salira kawas muriang
nyaur sajeroning galih
najan Kangjeng Raja pisan
tacan ngarasa Nyi Putri

17. Ayeuna ku urang gunung
muat ngajima Nyi Putri
geus tada teuing sukana
duh biung karasa teuing
atah adol haramjadah
urang gunung hadé sisit

18. Kebat Arya Patih nyaur
éh ayeuna jalma sisi
silaing wawanian

éta lampah ka Nyi Putri
dijieun gerwa
lamun teu nyaho silaing

19. Éta téh gerwa ratu
ratu nagri Banurungsit
dipaling ku Suryaningrat
purwana éta Nyi Putri
nya aing anu nyusu//lan
reujeung kabéh parajurit

20. Kajeun aing marya malum
ayeuna mah ka silaing
pédah geus dijieun gerwa
tapi ayeuna ku aing
Nyi Putri téh deuj dibawa
hayu ka imah silaing

21. Jayarukmana nyaur
kaulanun Juragan Patih
jisim abdi hatur maap
perkawis yén mundut putri
moal kasanggakeun pisan
gedé duriat sim kuring

22. Arya Patih nyetor nyaur
ngamanaan sia jurig
bet sia téh modar
make ngorétkeun Nyi Putri
kuma rarasaan sia
heug ka sia ditampiling

23. Lamun sia teu ngagugu
tangtu dicacag ku aing
remuk ajur raga sia
lamun hanteu mikuen putri
coba pikiran ku sia
kalau tida modar hati //

15.PUPUH DURMA

//1. Radén Jayarukmantara ngawalonan
ngomong naon sia anjing
janji baé ngongoh
loba nu ménta putri mah
aing gé jalma lalaki
ulabon sia
najan jeung Gustina wani

2. Arya Patih ka baturna pusing nyentak
na beut ditaranggap teuing
mun der baé si kenyang
parajurit nyikeung pakarang
Rukmantara maut keris
mecak ilmuna
jekuk dipedang sakali

3. Ki Kumenda Manadalagiri ti tukang
Rukamantara hanteu gimir
ngambul pedangna
matek keris Rukmantara
ditéwak Arya Patih// 46
dadana rebah

ngajogo teu hudang deui

4. Ki Kumendang Mandalagiri ti tukang
   Jayarukmantara malik
   Manalagiri ditiban
   ku keris dadana pisan
   rubuh tuluu utah getih
   asak awakna
   ari nu loba perjurit

5. Arolohok mingali juraganana
   sareanana ngalahir
   naha bet (…..) urang
   geuwat cacag eta jalma
   rob kabéh perjurit indit
   ngaronom Rukman
   Rukamantara malik deui

6. Ting burinyay perjurit buk-bek amendang (sic)
   sawaréh anu ngalahir
   naha bet hawek urang
   cacag baé éta jalma
   ngawalon Dén Rukman bengis
   mun tong ngarucap
   hirup kénéh ieu aing

7. Bantal naga rosa ngamuk wadya balad
   perjurit pating garuling
   ditewak Dén Rukamantara
   enggeus puguh anu keuna
   nu kacérétan ku getih

parajurit modar
ku matih perah keris

8. Ki saréna pada melong eujeung sarsan
buk-bek tikeuna jeung keris
males deui Rukamantara
ditewak Radén Saréan
utah getih geus ngaguling
bek deui sarsan
rubuh deui utah getih

9. Parajurit nu satambur deui datang
ka Rukman ngaronom deui
buk-bek deui medang
kitu deui Rukmantara
néwekan ka palajurit
hus-hus malodar
beuki carang parajurit

10. Anu tinggal// para jurit sapuluh jalma 47
ngejat lumpat palajurit
ku Rukmantara diudag
kasusul sapuluh jalma
ditéwakan sing garuling
beunang dalapan
anu dua lumpat ngacir

11. Ngudag deui Radén Jayarukamana
kasusul nu dua jalmi
ditéwek ngajopak
nu hiji tarik lumpatna

sieuna kaliwat saking
poho nu lumpat
salamet perurit hiji

12. Kira-kira jauhna ti Rukamantara
bawanig lumpat teu éling
kira jauhna lima pal
anggangna ti Rukmantara
geus capé perjurit hiji
kebat nguninga ka nagara Banurungsit (sic)

13. Hanteu kocap perjurit nu ka nagara
kocap Rukmantara deui
malik deui ka tukang
kana urut perang téa
mendak topi Arya Patih
eujeung lancingan
pék dianggo langkung ginding

14. Lajeng angkat tina urut perang téa
geus jauh ti dinya deui
sapuluh pal jauhna
béh mendak papatanan (sic)
jeung béh mendak oray deui
mawa papagan
oray ka Rukman ningali

15. Oray sutra ngejat mawa papagan rag-rag
oray leungit tanpa lebih
Dén Rukman mawa papagan
bet kulit ka singa walang

Jayarukman éling
ka Suryaningrat
waktu dipanah ngaguling

16. Basa eukeur dipanah ku Radén Salkam
asa moal waras deui
ngalantarankeun ti oray
nya kaya singawalang
sanajan ieu geus deui
dek disimpenan// 48
ditungkus ku turga jati

17. Sanggeus kitu Radén Jayarukmana
ngaos aji saépi angin
bareng anggeus tamat
peupeuntasan diluncatan
geus wates sanani nagri
tanah rum jeung sam
Dén Rukman kasmaran galih//

16. PUPUH ASMARANDANA
//1. Sinigeug nu keur prihatin
Radén Jayarukmantara
ayeuna gentos carios
kocap sahiji nagara
teu kintn dina jembarna
kakasihna nagri Erum
bupatina Seri Mangkurat

2. Kagungan sahji putri
istri wasta Ratnawulan
tacan kagungan carogé
loba raja nu ngalamar
tapi taya nu ditampa
tina putri tacan purun
kantenan unggal nagara

3. Sadaya palay ka putri
mashur ka unggal nagara
Putri Erum langkung saé
endén Putri Ratnawulan
kadeuleu teuing santen
keur geulis terus jeung lungguh
lepat pisediheunana

4. Nya lenggik nya ramping kuning
salira kawas Narada
upami wayang golék
panangan medang gonéwah
teukteukan taraju emas
pinareup lir jeruk butun
toéleun nu gaduh layang

5. Rambut panjang semu galing
taarna gula sabeulah
imut ngahudang cipanon
waos hideung lir bangbara
tanggelna ajang nu nulis wawacan Ningrum (sic)
layang téh sok ngabibita

6. Carita angkatna putri
mabok birit kembang goyang
ngagensol ngahudang haté
kawas macan//nu teu nangan 49
ngalenghoy matak waraas
indit putri nagri Erum
lima welas tahun yuswana

7. Kocap dina mapas hiji
putri walesna teu damang
bung-beng anu nyieun landong (sic)
iburna langkung wales
ka Nyi Putri Ratnawulan
ramana nyi putri nyaur
aduh Radén anak Ama

8. Lamun pareng waras deui
kaul urang nyekar Éyang
pataman manjat ti Kuraés
sarta budal ti nagara
urangna dimanja ka rama
ngalap turunan karuhun
jeung Ama ibu sadaya

9. Anggeur beuki wales putri
hanteu kersa sasauran
Ibu Rama nangis baé
nujum dukun disauran
pada ngalandongan putra
sanggeus dilandongan dukun
Nyai putri paren waras

10. Nyai putri waras deui
sareng kersa barang tuang
ibu rama langkung atoh
ibuna énggal ngandika
anak ibu Ratnawulan
isukan mah urang kaul
ngembang makam ka Kang Éyang

11. Putri unggeuk bari seuri
teu damangna mah geus waras
nanging tuluy bisu baé
hanteu kersa barang tuang
jadi pireu Ratnawulan
Sang Perbu tuluy nyaur
éh nujum kuma petana

12. Naon kasakit Nyi Putri
bet teu daék sasauran
nujum ngawalonan baé
kaulanun Kangjeng Raja
teu damangna mah geus waras
nanging putri tuluy bisu
pasti kersaning Yang Maha

13. Kangjeng Raja wuwuh katir
ka putrana Ratnawulan
nangis sajeroning raos
lajeng angkat Kang//jeng Raja
di Srimanganti nyalira
lajeng nyaur patih Erum
ka payuneun Kangjeng Raja

14. Radén Patih enggeus calik
    Kangjeng Raja sasauran
    nyarioskeun putrana téh
    bareng raja kaur guneman
    jeung Patih Jaya Santika
    kurunyung asam serdadu
    utusan wapat nagara

15. Geus calik parajurit
    peungkereun Patih Santika
    manda payuneun Sang Katong
    kebat Sang Raja mariksa
    ieu perjurit timana
    cedok nyembah serdadu
    ngandika diutus ku raja

16. Tapi sim abdi pribadi
    ari ieu nu tiluan
    langkung uninga Sang Katong
    perjurit tilu ngandika
    abdi utusan Kanjengan
    nu dua seug deui matur
    abdi mah ti nagri Kobar

17. Nu hiji deui ngalahir
    ti kuta beusi abdi mah
    ti anu nyangking gegeden
    kabawah ku raja Asam
    ieu nu tilu nagara
    Kutabeusi kanira Kangjeng (sic)
    nya upetina ka Asam

18. Nanging sadayana abdi
kabéh ngemban dawuh raja
deuk dumeuheus ka Sang Katong
suméja nyanggakeun serat
sadaya abdi gamparan
Kangjeng Raja énggal matur
wapat surat geus katampa

19. Nimbalan ka Radén Patih
coba patih waca surat
hiji-hiji sing perlenté
Radén Patih cedok nyembah
nampanan surat ti raja
deuk diwaca payun ratu
mimiti surat ti Asam

20. Dina salebeting tulis
sayogya ing Kangjeng Rama
hing nagri Erum parabon
satampa serat Kang Putra
anu ngaraton di Erum
Kang Putra gaduh pitunjuk// 51
deuk nyuhunkeun tuang putra

21. Madek rama luntur galih
mantuan ka raja Asam
karana putra diri putra téh
geus satepang kaedanan
Kang putra gadeng-gadeng gedang
wawalahan tungtung saur
putra geus teu raos manah

22. Saupama teu luntur galih
kasuhun kateda pisan
umbul-umbul perang anom
kupungkeun putra gampareun
saupanten galih rama
ka raja Asam teu rujuk
jaga-jaga baé raja

23. Sing iatna tata baris
ti siklukna ti siklakna
<u>bek masasaur tik jaga</u> (sic)
sabab kuring raja Asam
nanti marah sama saha
mun rujuk keresa ratu
kuring moal ngarurugan

24. Parantos salabeting tulis
uni serat raja Asam
tén deui serat nu séjén
nomer dua Raja Kibara
dina lebeting seratna
nyakitu deui ti ratu
eusina surat ngalamar

25. Sakitu lebeting tulis
kakuping ku raja-raja
top deui serat nu séjén
nomer dua Raja Kibara
nyakitu deui unina
Sang Kuta beusi ngalamar
top deui surat ti Kanjeng

nya kitu deui unina (sic)

26. Ngalamar éta Nyi Putri
kakuping ku Kangjeng Raja
Kangjeng Raja énggal walon (sic)
énggal ka patih nimbalan
Patih geuwat nyieun surat
walonan Patih para ratu
lebetkeun baé saémara

27. Mangsa ayeuna Nyi Putri
bisu teu bisa ngandika
saha-saha nu waspaos (sic)
nyageurkeun ka Ratnawulan
éta nu bakal jodona
lamun bisa deui nyaur
Nyi putri cara ka tukang

28. Hanteu arék pilih jalmi
sumawona ……………
………………..raja-raja
sunajan yén budak angon
lamun bisa ngalandongan
sarta diparengkeun waras
éta nu bakal tumuluy
jodona Nyi Ratna Wulan

29. Anggeus nyerat radén patih
bada nyerat keur waleran
sakedap enggeus parantos
dilayarkeun ka utusan

ku serdadu geus katampa
geus muru ti payun ratu
sinigeus serdadu mulang

30. Ari ieu Kangjeng Gusti
nimbalan deui ka patih
Radén patihna keur ……..
ayeuna kari urang
nya ngabarkeun Ratnawulan
cedok nyembah patih mundur ti kanoman deuk sayembara (sic)// 52

17. PUPUH SINOM

//1. Sok urang tunda carita
sayembara Erum nagri
carioskeun raja Asam
maha raja prabu Kendi
keur linggih di Srumanganti
dideuheusan para tumenggung
kocap anu mawa surat
anu ti Erum nagari
enggeus sumping ka payuneun Kangjeng raja (sic)

2. Prajurit nyanggakeun serat
geus dicandak ku Jeng Gusti
enggak Ki Patih nimbalan
coba waca Radén Patih
ku kula masing ka kuping
walonan ti Raja Erum
mangsa keur kumpul sadaya
dipayuneun Kangjeng Gusti
patih nyembah nampanan serat ti raja

3. Enggalna serat diwaca
dina salabeting tulis
Kang Putra di nagri Asam
kakasih perebu Kandi
perkawis ngalamar putri
ku Kang Rama geus kasuhan
sadayana nu ngalamar
taya anu ditampi
anu ditampa unggal//nagara 53

4. Sabab putrina teu damang
teu damang saperkawis
lain(….) lain panas
pang teu damangna putri
ngan pastina panas tiris
bareng waras tuluy bisu
hanteu bisa sasauran
ngabudeg baé Nyi Putri
ngan ayeuna ngadegkeun sayembara

5. Saha-saha nu waspada
jalan nyageurkeun Nyi putri
éta nu bakal jodona
Ama teu deuk milih jalmi
tina hawatos ka putri
geus puguh para tumenggung
sakitu nyayembara manah
di Erum pamugi-mugi
kersa Ama dék ngadeugkeun

6. Sakitu lebeting surat
kakuping ku Perbu Kandi
énggal ka patih nimbalan
éh ayeuna Radén Patih
nyandak landong seureuh gading
landongkeun ka sakur Erum
sugan waras Ratnawulan
kop dicandak ku Dén Patih
bari nyembah geus muru tipayun raja

7. Sumping ka kapatihan
lajeng dangdan Radén Patih
jeung sadaya para ponggawa
bade ngiring ka Dén Patih
kudanan enggeus tarapti
serdaduna geus ngaliud
nyandak pedang sadayana
hiji pedang hiji jalmi
Radén Patih enggalna nitihan kuda

8. sarengna para ponggawa
kocap jengkar Radén Patih
serdadu anu ngiringan
pada tumpak kuda sami
kocap geus jauh ti nagri
di jalanna teu dicatur
sadaya mentri ponggawa
ka nagara Erum geus sumping
eukeur ramé sayembara di nagara

9. Ti unggal nagara dongap
pada ngalandongan putri
sadaya taya nu méntal
landong t iungga nagari
malah Patih Wirasandi
(…….) jeung// Kangjeng 54
landong taya nu mental
patih Asam geus ngalintrik
jul-jol deui piwarangan raja lain

10. Geus puguh urang Erum mah
taya jalma anu bangkit
sumangga tunda heulaan
nu keur ngalandongan putri
anu kocapkeun tos deui
malikan deui kapungkur
Radén Jayarukmantara
ka nagri geus sumping
seug mariksa ka éta hiji jelema

11. Aya sayembara mana
Paman kula tacan harti
Nu dipariksa ngajawab
nuhun pariksa sim kuring
ieu sayembara putri
putri-putra raja Erum
Raden Putri Ratnawulan
bisu kasawatna putri
saha-saha nu bisa nyageurkeun inya

12. Biasa deui ngandika
cara baheula bihari
pandé pijodoeunana
kiti lahir Kangjeng Gusti
sarta diserenan nagri
mangkurat antara Erum
Radén Jayarukmana
ngadangukeun pedang galih
jeung ras éling ka papagan sigawalang

13. Cing kula arék ngasupan
sugan dipareng Yang Widi
lajeng angkat Rukamantara
asup kana jero puri
jalma ti leubeut marulih
Jayarukmantara asup
geus sumping ka payun raja
cedok nyembah Rukman calik
Raja Erum mariksa ka Rukamantara

14. Ieu satria ti mana
naon Radén téh nya galih
Jayarukmantara nyembah
kulanun parios Gusti
marios asal sim abdi
ti Banurungsit kapungkur
anu mawi ngadeuheusan
seja ngésto dawu gusti
dumeh (……)// ka parentah sayémbara 55

15. Perebu mangkurat pandika
sukur ka Gusti Yang Widi
coba Radén geura tingal
ieu di pungkur Nyi Putri
lamun Radén teh geus kenging
éta putri hanteu bisu
tinangtu pasti jodona
jeungna deui seren nagari
tina suka éta perjangjianana

16. Cedok nyembah Rukamantara
nyuhunkeu jiadna Gusti
sugan dipareungkeun Alloh
sareng ieu landong kuring
eukeur badan putra Gusti
Perbu mangkurat seug nyaur
sumangga geura landongan
ieu dipungkur Nyi Putri
Rukamantara ngalandongan Ratnawulan

17. Nyandak kulit singawalang
Rukmantara seug ngalahir
Endén putri ieu mangga
ieu tuang landong kuring
sugan dipareng Yang Widi
aya pitulung Yang Agung
ku putri lajeng tuang
sareng dicandak sakali
bareng kop kersa Alloh Néng Nyoara

18. Nyi putri masem ngandika
duh bendara jodo kuring
dirontok di galemohan
ramana jengkat ningali
sareng ibuna Nyi Putri
Alhamdulillah pitulung
Néng bendé raja nimbalan
tandana yén putri nguping
aéh Ki Patih kumpulkeun kabéh ponggawa
kalawan mentri ponggawa
sabab ayeuna Nyi Putri
geus dipareng deui waras
ku ieu satria ginding
sareng kula téh jangji
mun Nyi Putri waras bisu
anu ayembara téh di ganjar
kajenengan kula galih
jeung pasti duriatna Ratnawulan (sic)

19. Geuwat-geuwat Ki Patih (sic)
petakeun manah sing hadir// 56
rek ayeuna bae kula
ngalungsurkeun ka Bupati
cedok nyembah patih indit
nakol bende enggeus ngungkung
kumpul kabeh wadya balad
jeung tatabeuhan sakali
ari ieu nu pada milu sayembara

20. Pada bubar sadayana
nu ngulon ngidul baralik

sinigeug nu pada bubar
kocap sadaya para mentri
ka gedeng geus para hadir
antenar sareng pangulu
kumpul sadaya ngajajar
merebot hotib jeung modin
rata kabéh taya pisan kasingsal

21. Kacaturkeun sadayana
raja lingih dina korsi
mariksa ka Rukmantara
saha Radén téh kakasih
dok nyembah Dén Rukmantara calik (sic)
sumuhun parios ratu
ngaran abdi Rukmantara
sakitu terang kakasih
Rukmantara nganggona enggeus sadia

22. Sumangga bujeng énggalna
bisi keseleun nu nguping
kawantu kuring diajam
teu pati bisa nu ngagit
réndenganana nyi putri
tituna gé teu dicatur
ngan dék baé dilapalan
dipayuneun Kangjeng Gusti
geus parantos Rukmantara dilapalan

23. Kangjeng Raja seug mariksa
aéh kabéh punggawa mentri
ayeuna kula saksina

kunu gedé kunu leutik
tina kula akad tadi
ngaembarakeun putri bisu
lamun aya nu waspada
jalan nyageurkeun Nyi Putri
dijungjung keun éta karajaanana

24. Ayeuna ieu buk//tina 57
Rukamantara anu bukti
anu bakal jadi raja
waktu ayeuna téh ngalih
Rukmantara nyangking upeti
sadaya pada sumuhunan
sim abdi dawuh timbalan
beurang peuting jisim abdi
sok makuta Rukmantara jadi raja

25. Jedur mariem disada
geur tatabeuhan geus tarik
ponggawa munjungan
antenar mentri ka korsi
kabéh marunjungan deui
ka Perbu Anom Erum
geus munjungan sadayana
pada calik dina korsi
kacaturkeun ti peuting ngadegkeun pesta

26. Sadayana sukan-sukan
ngabérés calik ka korsi

makanan kabéh geus warna
iniuman kabéh geus bijil
sirop kembang jeung ér manis
genit berduin jeung ager
sadayan bereng leueut
parantos nu suka ati
kacaturkeun geus isukan pada bubar

27. Perebu Anom Rukamantara
mayaban di pancaniti
Ratnawulan hanteu tinggal
nu ngadeuheusan Dén Patih
Paré Anom seug ngalahir
duh Nyai mustika Erum
Engkang téa ngan deuk wakca
perkawis Akang ka Nyai
ayeuna téh saukur dikamanisan//

18. PUPUH DANGDANGULA

//1. Ratnawulan ka raka ngalahir
aduh Engkang cisoca intenan arék aya saur naon (sic)
sumangga rayi ngadangu
perbu anom seug ngalahir
pangapunteun diri Akang
ka Enung nu ayu
anu matak diri Engkang
geus tinangtu jeung Nyai bakal saresmi
tatapina diri Engkang

2. Eukeur pantang diri enggeus lami
anu dimaksud opat belas//bulan 58

tapina nu geus kenging téh
sapuluh bulan kapungkur
ngan kari opat bulan deui
ka payun nu dimaksud
ku Engkang sakitu
anu dipantan ngajima
diri Engkang ngan sakuleumeun jeung Nyai
merenkeun dipanggulingan

3. Nyai putri ngasem jeung ngalahir
aduh Engkang nya leutik manah
ulah sok jadi carios
ulah kapaksa ku buntut
sing pageuh nahan nya galih
mungguhing tuang rayi mah
asup kana catur
dulang kinandé upama
deuk dibulak dibalik asal diri
nu gaduh salira Engkang

4. Rukamantara masem jeung ngalahir
aduh Nyai panutan kembang lenjang
mustika jero kadaton
balik Engkang neda malum
pira-pira nu perhatin
aya sinugrahan
nyepeng nagri Erum
lantaran Nyai ka Engkang
nu teu damang jodo jeung anu perhatin
ngan Nyai Alhamdulillah

5. Sok ditunda ieu paremeswari
sareng raka perbu anom Rukman
gumenah dina karaton
aya deui nu dicatur
seuri maha perebu Kandi
di nagara Raja Sam
mangsa keur berhimpun
maseban di pangluragan
dideuheusan sadaya para bupati
Perbu Kandi ngandikana

6. Yayi-yayi sadaya bupati
kula naros perku sayembara
hayang kéngéng wartos yaktos
tapi tadi geus ngutus
nu iang ka Erum nagari
cariosan Ki Patya
jadi geus karebut
jadi geus aya// nu meunang 59
Si satria urang nagari Banurungsit
nu nyageurkeun Ratnawulan

7. Enggal matur raja Kutabeusi
nun sumuhun Gusti leres pisan
malah geus nyepeng karaton
jadi perebu Anom Erum
kebat nyaur perebu Kandi
aéh sadaya raja-raja
pikir kuring ngeluk
tibaheula Kakang hayang
ka Nyi Putri putra raja Erum nagri

nya dongkap kadilamar

8. Umur opat belas taun leuwih
dilamarna éta Ratnawulan
bet meunang walonan baé
éta putri tacan purun
tina leutik kénéh putri
tacan aya kahayangna
nya kula téh tunggu
ngantosan putri perena
bet ayeuna geus purun éta Nyi Putri
bet dibikeun ka nu lain

9. Ari kula sampé nyegah diri
tina hayang ngawin Ratnawulan
ayeuna sok kanu séjén
bangkawarah Raja Erum
pipilih nyiar nu leuwih
tegesna miganjakan
Si Mangkurat Erum
satengah nampik nya awak
hanteu nyana raja Mangkurat peryogi
kawasa lain pada raja

10. Matak nyeri raja Kutabeusi
diri Kakang ku Perbu Mangkurat
nya seug teu rasa baé
raja Erum hayang bubuk
tacan nyaho amarah aing
coba patih geuwat-geuwat
bariskeun serdadu

urang rurug Si Mangkurat
jeung mantuna lamun sieuneun ku aing
meureun mikeun Ratnawulan

11. Raja opat seug matur ka Gusti
sim abdi mah seja wangsul heula
deuk ntakeun baris kabéh
Perebu Kandi gasik nyaur
hadé atuh geura marulih
giringkeun kabéh//balad
tapi nya ngabantun
jeung nya muntang ka Asam heula
sabab kula ayeuna baé deuk indit
ngarugrug ka Mangkurat

12. Cedok nyembah para raja mulih
deuk ngumpulkeun balad ti nagrina
kalangkung marah sakabéh
kocap kabéh enggeus jebul
sanagarana enggeus baris
éta sabalad-baladna
sinigeug para ratu
kocap ieu patih Asam
di paseban nakol bendé enggeus nitir
ngumpulkeun wadya balad

13. Sadayana parajurit sumping
jendral leknan kumendang jeung sarsan
…………………………………
pabuis kabéh serdadu
ngabaris tumbak jeung bedil

panah kalawan jeung pedang// 61
kabéh serdadu
teu diitung lobana mah
gurnit banging bari sareng eujeung tanji
tatabeuhan geus sadia

14. Tanji beri terompét jeung suling
gong nut-nit argol kendang penca
tambur gedé geus (……..)
kabeh cakep serdadu
bendera katujuh ngaléri (sic)
lawan (……) jeung bandéra
baladna ngaguruh
radén patih ngadeuheusan
ka payuneun Kangjeng Raja Perbu Kandi
kebat ki patih mariksa

15. geus sedih patih parajurit
cedok nyembah patih ngawalonan
sumuhun sadia kabéh
lawasna mah teu diitung
anu badé kéngéng jurit
ngan kari ngantos gamparan
énggal Kangjeng Ratu
nganggo geus sadia
karajaan sadangdosan parajurit
ting galebur makutana

16. Pedang jimat panah ranté beusi
geus sadia perbu Kandi raja
makutana kurung baé

ditarapang inten banyu
udat ukiran biduri
kekebéna mutiara
salang lawan jamrut
pepentulna inten jingga
mun ayeuna hargaeun nu ningal
sayuta ringgit artosna

17. Raksukanana éta Perbu Kandi
sutra jenar kandelna ngulit badak
lancingan wungkul ku pasman (sic)
marakbak murub hurung
parantos (….) sang aji
lajeng ka Serimaha
beunang nganggo seget
beledeg dur mariemna
bareleng tambur dur tatabeuhan tarik
budal kabéh ti nagara

18. Heurin usik di jalan parajurit
tatabeuhan awor // eujeung surak 62
lir pindang banjiran gedé
catur Perbu Kandi ratu
enggeus liang ti nagari
sadayana balad-balad
jeung surak ngaguruh
pacampur jeung sorak kuda
bendérana ngelebet katebak angina
lawon rantaki ting galebra

19. Kacaturkeun geus jauh ti nagri
kana leuweung bala tarajang
nub bala dibukbak kabéh
kayu dileuweung digempur
didamel jalan perjurit
béh wates nagar napel nagri Erum
enggeus carang tegal lega
leuwih lega lalakona déwa peuting
tegal Erum langkung lega

20. Seug ngarereg éta parajurit
Masanggrahan nyieun papanggungan
nyieun tangsi geus parantos (sic)
kutabeyang geus tutup
sadayana geus tarapti
mariemna geus dipasang
di médan ngaguruh
ting kelebet bendérana
matak kelar nu ningali
tatabeuhan ting hareong

21. Geus sadia ngan kari pupuh jurit
kacarita Kangjeng raja Asam
linggih dina palalangan
ka radén patih ngadawuh
aéh Ki Patih Wiranadi
saha badé mawa surat
ka Sang Nata Erum
radén patih seug ngandika
ieu baé anak abdi Widanusi
sareng jeung Ki Widanusa

22. Kangjeng raja mesem jeung ngalahir
Widanusi ieu bawa surat
ka nagri Erum sing téréh
Widanusi seug kapayun
nyembah nampi serat ti Gusti
geus mundur ti pasanggrahan
sigeug teu kacatur
Sanusi sareng Sanusa
kacarita Perbu Anom Erum nagri
waktu harita maseban dideuheusan ku Dén Patih// 63
sareng para ponggawa sadaya
di pancaniti ngaberes
samalahan raja sepuh
lami calik dina korsi
bareungna eukeur kumpulan
utusan geus jebul
Radén Sanusi Sanusa
kebat baé Sanusi
ka pancaniti
geus mungkur ti payun raja

19. PUPUH PANGKUR

//1. Perbu Mangkurat nimbalan
kebat baé dipariksa Widanusa
éta ku Sang Nata Erum
ieu tatamu ti mana
cedok nyembah Widanusi
unjuk hatur (sic)
sim abdi ti pasanggerahan
utusan Perebu Kandi

2. Suméja nyanggakeun serat
énggal raja mundut serat langkung gasik
Widanusi sor ka payun
nyanggakeun serat ka raja
geus dicandak ku Sang Nata Erum sepuh
sok dipasihkeun ka putra
ka Rukmantara Sang Aji

3. Énggalna serat dibuka
seug siaos unina lebeting tulis
nya kapala serat ratu
Sang di dalem nagri Asam
kasih habar saya sakarang ngarurug
samalah geus masanggrahan
dina tanggul wates nagri

4. Ayeuna parebu Mangkurat
anu matak ayeuna ngarurug jurit
ngenes ati kula ratu
tina kusabab dicidra
lalampahan kawas lain pada ratu
ngarep-ngarep Ratnawulan
sampai wani gering ati

5. Tina ngantosan puruna
bet ayeuna geus purun éta Dén Putri
koceplak meunang nu bungkul
ayeuna // Perbu Mangkurat 64
éta putri di pénta baé sing luntur
sanajan eggeus lakian
bedol baé éta putri

6. Arék dikawin ku kula
saupama keukeuh teu mikeun Nyi Putri
diacak sanagri Erum
Perbu Mangkurat jeung kula
urang perang ngadu kadigjaya pupuh
upama teu wani raja
patihna aya kami beuki

7. Upama teu wani perang
serdadu geuwat-geuwat sina bijil
upama teu serdadu
urang Erum caraweutan
dicangcutan kadieukeun masing kumpul
raja Erum sing iatna
nya ngajaga perang tanding

8. Saumpama arék pasrah
geuwat-geuwat kadieukeun éta putri
kula moal tulus nempuh
sartana waluya awak
jeung abdina tetep ngaraton di Erum
mun baha geus ten mangsana
lebur tanduk papan tulis

9. Sakitu lebeting serat
geus kadangu ku raja sepuh sangaji
ponggawa mentri nyakitu
Perbu Anom seug ngandika
kaulanun Ama ulah miris kolbu
ayeuna teu nampi serat
ti raja Perbu Kandi

10. Ayeuna ratu pisan
pira-pira dirir nunggal jeung nu geulis
geus tunggal aya urang
nanging tujulna ka Ama
geus putra nu bade ngageugeuh Erum
patih Pehru enggeus lisan
ayeuna putra barani

11. Ngalawan ka raja Asam
sareng deui niat putra mugi-mugi
wadya balad nagri Erum
maréntah ulah papaksa
serdadu pilihan baé nu purun
mun baha geus tan// mangsana 65
temahna sok miris galih

12. Parebu Mangkurat nimbalan
atuh geuwat kumpulkeun kabéh perjurit
antéro balad di Erum
cedok nyembah patih gancang
ka paseban nakol bende nitir rusuh
ngumpulkeun wadya balad
sadaya pada sumping

13. Kumendang yakta jeung sarsan
enggeus sumping ngagiringkeun parajurit
geus tata baris pahibut
pakarangna warna-warna
geus sadia panah bedil tumbak suduk
di alun-alun geus masang
sayang parajurit sarumping

14. Kulon kidul kalér datang
parajurit pada hayang tatu sabil
geus kumpul nagara Erum
kumendang yakta ajingdan (sic)
enggeus sumping kabéh natakeun serdadu
jenengan Radén Suldara
geus sumping natakeun baris

15. Sinigeug wadya balad
kacarita nu mawa serat geus mulih
Widanusa Nusi muru
ari ieu Kangjeng Raja
enggeus nganggo sadangdosan perang pupuh
sareng ratu sepuh pisan
dangdanan cara perjurit

16. Kocap ratu Anom Jaya
nyaur gerwa ratu Anom parameswari
deuh nyai mustika Erum
ayeuna Engkang deuk perang
mugi-mugi panedakeun ka Yang Agung
jeung deui Engkang bek masa kasambut diri

17. Pendakna pihatur Engkang
ulah kemba wakcakeun nyipataning Galih
kana lari kana maju
ari// mungguhing pun Kakang 66
paripaos eudeuh-eudeuhna musuh
lakata tilam duriat sugan mawa édan éling

18. Pun Kakang ménta wangsulan

utamana ka Enung nu saé galih
Engkang iuh ku payung
nurut kana gelung malang
bingkeng lempeng dikumaha nu pahatu
dipinanti ku pangéran
duriat Engkang ka Nyai

19. Nyembah matur Ratnawulan
Engkang jungjunan abdi pribadi
abdi sumeredet kolbu
ulah aya manah mang-mang
kaleresan najan nuju meunang agung
anu ngayugakeun Engkang
nyertakeun ka diri kuring

20. Ulah kebat sasauran
bisi tambah Engkang ka diri kuring
sambung dua Engkang perbu
énggal perbu Anom jengkar
ti kanoman ka gedeng sadaya kumpul
Ratnawulan istirokat
mugi-mugi kenging jurit

21. Kocap deui Rukmantara
enggeus ngango sadangdosan parajurit
sareng ratu sepuh Erum
enggeus dur-dor mariem (sic)
mangkat balad der tetembangan ngaguruh
tanji rentang jeung gamelan
torotot disada suling

22. Burudul serdadu angkat
ngaleut ngengkeuy surak serdadu barani
bendéra tiheula ngempur
kelebetna kaanginan
ciri jago ajidan sarsan kuméndur
kuda ngagiringkeun balad
diheuleut béndera deui

23. Pungkureun balad Sang Nata
Perbu Anom diabang ponggawa mentri
payuneun// Sang Nata Erum 67
Dén Patih pungkureun raja
tunggang banteng perbu anom tunggang lembu
tipayun pungkur bendera
ngalebet katebak angin

24. Erum bujengkeun énggalan
geus kaluar sadaya ti nagari
enggeus nyerang tegal Erum
sadaya wadya balad
pek ngarereb masanggrahan geus pahibut
nyieun tangsi benteng rupa
pasanggrahan geus tarapti

25. Bandérana geus dipasang
kacaturkeun éta Sang Perbu Kandi
muriding ningali musuh
saeutik balad ti Rukman
geus kauntup ku Perbu Kandi (sic)

26. Musuh ti Erum saeutik balad
pikirna beunang ku aing
keur natakeun tatabeuhan
sor bendéra beureum tanda mandi getih
ti Erum deui nyakitu
beuki panas balad Erum dua laksa
nu pasang bedil serdadu
rob kana medan badaya
enggeus dur-der parajurit